

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil panalungtikan nu dipedar dina Bab IV, panalungtikan ngeunaan analisis lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang Golék Giriharja 3, nya éta:

1. Bagian-bagian carita lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang Golék Giriharja 3 aya 139 bagian carita wayang. Bagian-bagian carita wayang, hususna téknis dalang dina pagelaran wayang Golék kabagi jadi opat bagian, nya éta kakawén, murwa, nyandra, jeung antawacana. Sedengkeun sindén/juru sekar mah bagian ti saluareun dalang anu fungsina pikeun mamanis jeung ngahudang rasa unggal adegan. Murwa dina unggal pagelaran ngan aya hiji, nya éta ungkara nu pangmimiti pisan. Jumlah kakawén dina éta lalakon aya 17 kali kakawén anu ngawengku 2 kali kakawén sebrakan, sakali kakawén tokoh wayang, 4 kali sendon, 9 kali rénggan, jeung sakali gereget. Jumlah nyandrana nya éta 36. Sedengkeun jumlah antawacanana nya éta 55. Jumlah rumpaka juru sekar nya éta 30.
2. Struktur adegan unggal lalakon teu salawasna sarua. Dina lalakon *Dorna Gugur* struktur adeganana aya 30 adegan, nya éta saperti kieu: (1) Tatalu, (2) Manggung,

(3) Gempungan, (4) Méngkolna carita, (5) Patih ngatur balad, (6) Dagelan, (7) Latihan perang, (8) Dagelan, (9) Patih ngatur balad, (10) Perang ijén, (11) Dagelan, (12) Perang ijén, (13) Kresna marek, (14) Perang ijén, (15) Dagelan, (16) Perang ijén, (17) Perang campur/buburuh, (18) Kresna marek, (19) Dagelan, (20) Patih ngatur balad, (21) Tatan-tatan, (22) Dagelan, (23) Perang campur, (24) Perang ijén, (25) Dagelan, (26) Dorna wiwaha, (27) Kresna marek, (28) Dorna wiwaha, (29) Perang kembang, jeung (30) Wekasan.

Dina ieu lalakon, aya 8 adegan nu béda jeung 6 adegan nu sarua, nya éta:

- a) Adegan nu béda nya éta adegan (1) *Tatalu*, ngagambarkeun mapag tokoh lalakon wayang nu rék dilalakonkeun jeung pikeun ngumpulkeun nu nongton saméméh mangkat kana carita, adegan (2) *Manggung*, ngagambarkeun jejer nu rék dilalakonkeun mimiti nya éta di pasanggrahan Pandawa, adegan (3) *Gempungan*, ngagambarkeun gempungan, Arjuna jeung Batara Kresna, adegan (4) *Méngkolna caita*, ngagambarkeun guneman Cepot jeung juru alok, adegan (7) *Latihan perang*, ngagambarkeun latihan perang Satiaki jeung Bima, adegan (21) *Tatan-tatan*, ngagambarkeun Bima nu keur siap-siap rék maéhan gajah Aswetama, adegan (29) *Perang kembang*, ngagambarkeun sukma Prabu Ekalaya jeung Dresta Jumena kanyenyieran ku Resi Dorna, jeung adegan (30) *Wekasan*, ngagambarkeun adegan réngséna pagelaran wayang, ditutup ku si Cepot.

b) Adegan nu sarua nya éta 3 adegan *Patih ngatur balad*, 7 adegan *Dagelan*, 5 adegan *Perang ijén*, 2 adegan *Perang campur*, 2 adegan *Dorna wiwaha*, jeung 3 adegan *Kresna marek*. Adegan *Patih ngatur balad* ngawengku adegan (5) ngagambarkeun Satiaki jeung Bima ngatur para ponggawa perangna, ngémbarkeun aturan perang nu bakal disanghareupan, adegan (9) ngagambarkeun Burisrawa ngatur waladiabaladna, tapi teu ditémbongkeun dina jagat, jeung adegan (20) ngagambarkeun Prabu Pramea ngatur waladiabaladna. Adegan *Dagelan* ngawengku adegan (6) ngagambarkeun adegan si Cepot jeung Dewala, adegan (8) ngagambarkeun guneman si Cepot nangtang balap lumpat ka si Dewala, adegan (11) ngagambarkeun si Cepot nempo mayit di médan perang Tegal Kurusetra, adegan (15) ngagambarkeun si Cepot nu ngarasa hémeng kana leungeun Dorna, adegan (19) ngagambarkeun adegan Batara Kresna, Cepot, jeung Dewala, adegan (22) ngagambarkeun si Cepot kritik sosial, jeung adegan (25) ngagambarkeun Bima rék mihapé biwir (méré amanat) ka si Cepot. Adegan *Perang ijén* ngawengku adegan (10) ngagambarkeun perang anu sapangkat antara prajurit Pandawa jeung prajurit Kurawa, adegan (12) ngagambarkeun patutunggalan antara Satiaki jeung Burisrawa, adegan (14) ngagambarkeun Burisrawa kapanah ku panahna Arjuna, sarta Arjuna silih serang jeung Resi Dorna, adegan (16) ngagambarkeun Arjuna silih serang jeung Resi Dorna, jeung adegan (24) ngagambarkeun perang antara Cepot jeung PPP 1 (Prajurit Prabu Pramea) sarta Bima jeung Prabu Pramea. Adegan *Perang campur* ngawengku

adegan (17) ngagambarkeun Bima ngamuk ka waladiabalad Kurawa, jeung adegan (23) ngagambarkeun perang antara Bima jeung waladiabalad Kurawa, sarta Bima maéhan gajah Aswetama, Adegan *Kresna marek* ngawengku adegan (13) ngagambarkeun Batara Kresna ngadeukeutan Arjuna, adegan (18) ngagambarkeun Batara Kresna ngadeukeutan Bima, jeung adegan (27) ngagambarkeun Batara Kresna ngadeukeutan Yudistira.

5.2 Saran

Ieu panalungtikan téh pedaranana ngeunaan analisis lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang Golék Giriharja 3. Ku kituna, tangtuna waé garapan panalungtikan téh kaitung heureut kénéh, lain ngan saukur ngeunaan bagian-bagian carita jeung struktur adegan pagelaran wayang wungkul, tapi ngawengku perkara karakterisasi, struktur carita, budaya, jeung saterusna. Ku lantaran kitu, disarankeun kudu aya panalungtikan ngeunaan wayang Golék nu garapanana lian ti babagian jeung struktur adegan dina lalakon *Dorna Gugur*, sangkan panalungtikan ngeunaan pagelaran wayang beuki euyeub. Atuh engkéna bisa gedé mangpaatna pikeun numuwuhkeun hirup-huripna basa jeung sastra Sunda ka hareupna.

Siswa jaman kiwari kurang mikawanoh kana carita wayang, tokoh-tokoh wayang jeung hal-hal nu aya pakuat-pakaitna jeung pagelaran wayang sacara lumangsung. Ku kituna, pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa leuwih asak dina ngararancang panalungtikan ngeunaan carita wayang boh dina wangun pagelaran boh dina wangun fiksi.